



Enfòmasyon sou Alokasyon Timoun Ki Ka Sèvi w

Divizyon Sèvis Alokasyon Timoun
Depatman Revni Massachusetts (DOR)
Otòn 2024

PIN:

NOU CHANJE NON NOU!

Nou chanje non nou soti nan Egzekisyon Alokasyon Timoun (CSE) pou Sèvis Alokasyon Timoun (CSS) pou pi byen reflekte sèvis nou bay pou sipòte tout fanmi an. Pwogram alokasyon timoun la te evolye nan ane ki pase yo pou tounen yon pwogram ki pi enklizif api santre sou fanmi an. Avèk chanjman non sa a, nou vize ankouraje patisipasyon nan pwogram la epi plis mete an valè tout sa nou pote pou fanmi nan Commonwealth la. Pandan ke egzekisyon rete yon sèvis kle nou bay, se pa sèl sèvis nou bay. Nou ede detèmine paran, fikse òdonans alokasyon timoun, ranmase epi distribye peman, epi suiv balans yo.

Nou travay sere sere ak ni paran ki peye alokasyon timoun la ni ak paran oswa gadyen ki ap resevwa alokasyon timoun, epi nouvo non nou an mete an valè angajman nou pou bay sèvis bay fanmi nan Commonwealth la.

Misyon Divizyon Sèvis Alokasyon Timoun DOR se amelyore byennèt timoun yo nan kolabore ak paran ak gadyen yo pou satisfè bezwen finansye fanmi an.

Enskri pou Depo Dirèk

DOR rekòmande pou w enskri pou depo dirèk pou w ka resevwa peman alokasyon timoun w yo. Peman alokasyon timoun depoze dirèkteman nan kont bank w epi w ka sèvi ak yo tankou nenpòt lòt kòb w abitye depoze sou kont w.



W bezwen èd pou jwenn yon travay? MassHire JobQuest ka ba w èd gratis pou jwenn yon travay ki mache ak konpetans w. Pou kòmanse, eskane kòd QR la.




W pral nan tribinal poukont w?

Si w pwal tribinal poukont w, asire ou voye bay CSS yon kopi syen nenpòt akò ak òdonans jij la. Konsa nou ka mete sistèm nou ajou pou nou kolekte bon valè kòb ki sipoze peye dapre nouvo òdonans la.

W genyen konsèy sou kijan nou ka amelyore Règleman Alokasyon Timoun ki sèvi pou òdonans alokasyon timoun w yo?

Chak 4 lane, Tribinal Premye Enstans evalye Règleman yo pou gade si yo merite chanje epi li envite piblik la pou soumèt kòmantè, swa alekri swa atravè patisipasyon nan yon fowòm piblik vityèl. Pi ba a w ap jwenn dat ak lè pou twa fowòm vityèl yo.

Jedi, 10 Oktòb, 2024 (2pm - 4pm)
Madi, 29 Oktòb, 2024 (4pm - 6pm)
Lendi, 4 Novanm, 2024 (12pm - 2pm)



Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon sou jan w kapab patisipe oswa soumèt kòmantè alekri.




RAPÈL ENPÒTAN

BIWO VITYÈL

Rankontre fas a fas ak yon espesyalis alokasyon timoun sou Zoom.

Louvri Lendi rive Vandredi depi 8:30 a.m. rive 4:30 p.m.

Eskane kòd QR la pandan lè sa yo pou kòmanse yon rankont.



KONFERANS KA

Lè w ap planifye jou konferans ka w la, sonje li posib pou w genyen pou w parèt 2 fwa nan menm jou a. Moun ki rive dakò ap siyen yon akò elektwonik epi yo fini pou jou a. Moun ki pa kapab dakò ap genyen pou patisipe nan yon odyans vityèl devan yon jij pita nan jounen an.

Pwoblèm teknik pou antre sou Zoom la?

Rele pou konferans la ak nimewo telefòn epi modpas ki nan Avi Konferans Ka nou te voye ba w la.

Manadjè Ka 24/7/365

W bezwen yon bilan peman pou asistans lojman? W vle wè kilè dènye peman an te fèt? W vle mande yon chanjman sou montan òdonans w a? Tout sèvis sa yo ak plizyè lòt disponib sou Manadjè Ka, 24 è pa jou, 7 jou pa semenn, 365 jou nan ane a.

Modifikasyon

Kèlkeswa si w ap peye alokasyon oswa resevwa alokasyon, w ka mande tribinal la pou chanje òdonans la pou li monte oswa bese oswa chanje yon òdonans pou asirans sante pou timoun yo. Se tribinal la sèlman ki ka chanje òdonans w a, men w ka mande CSS pou evalye dosye w la. Si nou panse yon chanjman òdonans ap bon pou w, nou ka soumèt yon plent pou modifikasyon, epi nou ap planifye yon konferans sou ka a pou tribinal la kapab konsidere modifiye òdonans la.

Pou kòmanse pwosesis la, rele nou, voye yon imel ba nou, oswa kontakte nou atravè Manadjè Ka a.

OGMANTASYON AKSÈ POU LANNG PANYÒL

Eske w te konnen ke nou ofri sèvis kliyantèl an Panyòl? Ou kapab tande enfòmasyon sou ka ki anrejistre tankou peman ki pase, balans ak enfòmasyon jeneral sou règleman, swa an Angle swa an Panyòl lè w rele Sistèm Repons Vokal Anrejistre nou nan (800) 332-2733. Reprezantan ki pale Panyòl disponib sizoka w ta bezwen plis asistans. Peman sou kat Kredi ka fèt an Panyòl 24 sou 24 7 jou sou 7, lè w rele nan (855) 449-2859.



Mande CHATBOT

Pa bliye vizite sit entènèt nou (mass.gov/css) kote w ap jwenn anpil enfòmasyon ki ka sèvi w. Lè w sou sit la, w ap wè chatbot sa a.

W ka sèvi avè l pou poze kesyon, ann Anglè ak nan plizyè lòt lang.

TOUT JAN KI DISPONIB POU PEYE ALOKASYON W LA

Peye pa Tèks:	Enskri pou resevwa mesaj alèt na dat pou peye alokasyon timoun la. W ka reponn pa tèks pou otorize peman w la pa kat kredi oswa debi. Jis antre sou sit entènèt nou a epi konplete pwosesis enskripsyon an.
Anliy:	Ale sou mass.gov/css epi klike sou "Kijan pou peye alokasyon timoun". Nan opsyon yo w ap jwenn Venmo, PayPal, ApplePay, epi GooglePay.
Telefòn:	Sèvis sa disponib an Angle ak Panyòl. Rele nou nan 855-449-2859 24/7. Nou aksepte Visa, Mastercard, ak Discover.
Lapòs:	Fè chèk oswa manda lapòs nan non Commonwealth of Massachusetts epi voye li pa lapòs bay DOR/CSS, P.O. Box 55144, Boston, MA 02205.
An Pèsòn:	Peye ak kash nan nenpòt biwo MoneyGram, menm sa ki nan Walmart, CVS epi Shaw's.